

Please note that the Guide to Eternal
Life in Haitian Creole is the
short version of these lessons. We
plan on issuing the longer,
~~and~~ reformatted version at a later
time.

We want to thank Etienne Diony
of La Victoire, Haiti, for
translating these lessons.

Direksyon pou jwenn lavi etènèl

© 2008, Ian Terry

Non e Prenon

I. JWENN CHEMEN KI MENNEN NAN LAVI ETÈNÈL LA

1. Konbyen chemen ki mennen nan syèl? Travay 4:12; Jan 14:6
2. Avèk lavi etènèl nan syèl la, ki jan de lavi Jezi pwomèt nou sou tè sa a? Jan 10:10;
Galat 5:22-23
3. Ki gid nou pou jwenn lavi etènèl? 2 Timote 3:16-17; 2 Pyè 1:3
4. Ki pati nan Bib la nou ta dwe swiv jodia? Ebre 8:6-7: (8-13); *Efezyen 2:15;*
Kolosyen 2:14; Women 7:6-7; Galat 3:10-14; 2 Korentyen 3:3-16
5. Nan ki pwen li enpòtan pou ou pou jwenn bon chemen espartyèl la? Matye 7:13-14; 21-23;
1 Jan 1:6-7
6. Sou ki baz Jezi kapab bay lavi etènèl? Efezyen 2:8; Travay 6:7
7. Eske ou deja angaje ak Kris?

Si wi, nan ki fason?

Eske ou te batize?

Kòman ou te batize?

Nan ki laj ou te batize?

Pou ki rezon ou te batize?

Eske ou te kwè ou te deja sove avan w'te resevwa batèm?

Direksyon pou jwenn lavi etènèl

© 2008, Ian Terry

Non e Prenon

II. ANGAJE NAN CHEMEN AN

1. Ki premye etap nan lafwa a ki asepte kado Bondye ofri nou an, lavi etènèl nan Jezi Kri?
Jan 3:16; 8:24; *Lik 1:26-35*
2. Kisa Jezi te fè pou ou te kapab gen lavi etènèl ak Bondye nan syèl la?
Women 5:8-9; 2 Korentyen 5:21; *1 Pyè 1:18-21*
3. Ki dezyèm etap ki gen nan lafwa? Travay 17:30

Ki sa reantans lan ye, e pou ki sa nou bezwen repanti? Travay 3:19; 26:20

Kisa salè peche a ye? Women 6:23; 1 Korentyen 15:3

Kisa ki salè peche nou yo? *Galat 5:19-21*
4. Ki twazyèm etap nan lafwa a ki asèpte kado lavi etènèl la? Women 10:9-10;
Matye 10:32-33; Travay 22:16
5. Ki katriyèm e dènye etap nan lafwa a, ki pemèt nou sove e nou resevwa padon pou peche nou yo, e kote nou antre grasa Dye nan chemen ki mennen nan lavi etènèl la? Mak 16:16;
Travay 2:37-41; Efezyen 4:4-5; *1 Pyè 3:20-21; Jan 3:3-5; Matye 28:19*
6. Ki rezon batèm nan? Travay 22:16; *Mak 16:16; Travay 2:38*
7. Sèl batèm nou kapab fè jodi a, eske se pa aspèsyon ou pa imèsyon? Travay 8:38-39;
Women 6:3-5
8. Ki moun ki dwe batize? *Mak 16:16; Travay 2:38; 22:16*

Poukisa Bondye egzije batèm nan kòm yon dènye etap pou asèpte kado lavi etènèl la?
Women 6:3-6

Eske repons kesyon yo nan kesyon nimewo 7 nan premye leson an dakò ak sa Bib la di?

Direksyon pou jwenn lavi etènèl

© 2008, Ian Terry

Non e Prenon

III. LEGLIZ LA

1. Nan ki legliz Bondye mete moun ki batize yo? Travay 2:47; Galat 3:26-28;
1 Korentyen 12:13
2. Kiyès ki tèt legliz la? Kolosyen 1:18; Women 16:16; *Efezyen 1:22-23*
3. Nan non kiyès nou dwe fè tout bagay andan legliz la? Kolosyen 3:17; Matye 28:18-20
4. Koman yo ta dwe rele moun kap swiv Jezi yo? 1 Pyè 4:16; *Travay 11:26; Women 16:16*
5. Eske Jezi vle tout moun kàp swiv li fè yon sèl? *Efezyen 4:4-5; Jan 17:21-23*
6. Ki kote tout divizyon relijyon sa yo soti a? 1 Korentyen 1:10-13; 3:3-4
7. Nan ki pwèn nou ta dwe swiv vrè pawòl Bondye a? Revelasyon 22:18-19
8. Ki misyon legliz Kris la? Matye 28:19-20; *Mak 16:15; Matye 9:38; Jan 4:35*

Direksyon pou jwenn lavi etènèl

© 2008, Ian Terry

Non e Prenon

IV. ADORE NAN LESPRI AK NAN VERITE

1. Kisa Jezi vle pou moun ki nan legliz kapab fè chak tan? Ebre 10:25; Jan 4:23-24
2. Ki mwayen Jezi vle kretyen yo itilize nan adorasyon an pou yo kapab sonje li?
1 Korentyen 11:23-26; Matye 26:26-29

Eske sa dakò pou nou kapab mete lòt jan de manje avèk sa Jezi li menm li tebay la pou repa seyè a?

3. Nan ki jou nan semèn nan kretyen yo dwe manje seyè a? Travay 20:7

Ki lòt jan de aktivite dwe genyen pandan n'ap adore?

4. Ki jan de lòt bagay ak sakrifis kretyen an dwe fè lè l'ap adore nan jou seyè a?
1 Korentyen 16:1-2; 2 Korentyen 9:6-7
5. Lè kretyen yo rasanble ansaum ki lòt bagay yo dwe fè ansarum? 1 Timote 2:1;8;
Travay 2:42
6. Kilòt jan de louanj ak ankourajman kretyen yo ofri Bondye nan legliz la?
Efezyen 5:19; Kolosyen 3:16; 1 Korentyen 14:15; Ebre 2:12; Jak 5:13

Nan pasaj sa yo ki kalite mizik Bondye mande?

7. Eske li enpòtan pou nou adore Bondye ak tout kè nou, nan fason li vle l'la?
Matye 15:8-9; Jan 4:23-24; 2 Jan 9

Direksyon pou jwenn lavi etènèl

© 2008, Ian Terry

Non e Prenon

V. RETE FIDÈL AK JEZI

1. Pandan w'ap mache fidèl ak Jezi nan chemen lavi etènèl la, kisa ki ta dwe manje espiyitèl ou? 1 Pyè 2:2; 2 Timote 2:15
2. Ki jan de lavi Bondye vle nou mennen nan chemen sa a? Tit 2:11-14; Matye 28:19-20; *Women 12:1-2*
3. Konbyen ou bezwen peye pou swiv Jezi? Matye 10:37-39

Ki sa ou t'ap fè si fanmi ou t'ap eseye anpeche w' sèvi Bondye?

Si ansèyman yon chèf relijyon parèt diferan de ansèyman Jezi yo, kiyès ou t'ap swiv?

4. Jis ki lè nou dwe swiv Jezi? Revelasyon 2:10
5. Ki lè nou ta dwe swiv Jezi e kòmanse resevwa benediksyon l'ap ofri? 2 Korentyen 6:2; Travay 22:16

Eske w'pare kounye e pou mache ak Jezi nan chemen ki bay lavi etènèl la? Pou kapab mete konfyans ou nan li e kite peche? Batize nan imèsyon pou jwenn padon pou peche w' yo? E pou w'kapab asèpte Jezi kòm sovè e mete w' nan legliz li se tèt li a?

Eske w'pare pou kontinye mache nan limyè, sa vle di kontinye obeyi Jezi, nan adorasyon legliz la, sonje li nan repa seyè a, toujou aprann ansèyman espiyitèl, nan patisipe nan ofrann, nan priyè e chante ak tout kè ou?

Eske w'pare pou w'kapab grandi espiyitèlman nan etidye pawòl li e viv pou w'kapab fè Bondye plezi ak glorifye li, jis lè ou kapab resevwa lavi etènèl?

Si non, Kile?

An nou li Jak 4:14, 17; Jan 14:15, 21